# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला आजु दुपहरिया में मंथुरा जिला के वृंदावन के वात्सल्य गांव में पहुंचलें। ऊ साध्वी ऋतंभरा के देखिरेखि में भइल दुई दिन के नेत्र शल्य चिकित्सा सेवा शिविर के लाभार्थियन के चश्मा आ दवाई बंटलें। शिविर के समापन समारोह में मुख्य अतिथि के रूप में बोलत उहां के कहलीं कि वात्सल्य ग्राम जइसन प्रेम आ वात्सल्य पूरा समाज के मिलत रहे के चाहीं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि मानवता कै अमूर्त सांस्कृतिक धरोहर महाकुंभ के आध्यात्मिकता आ आधुनिकता के सथहीं राष्ट्रीय एकता, भारतीय दर्शन अउरि सज्जो सृजन शक्तियन क अद्भुत संगम बनावे बदे प्रदेश सरकार प्रतिबद्ध बाटे। एगो सोशल मीडिया पोस्ट में ऊहां के ई प्रतिबद्धता जतवलीं।

मुख्यमंत्री आजु प्रयागराज पहुंचि के महाकुंभ दुई हजार पचीस के तइयरियन के देखलीं आ अधिकरियन आ जनप्रतिनिधियन के साथे समीक्षा बइठकी कइलीं। उहां के कुंभ से जुड़ल प्रतीक चिन्ह, वेबसाइट आ ऐप कै लांचिंगों कइलीं। ऊ एगो खास बोट से संगम क निरीक्षण कइलीं, घाटन क हालति देखलिं आ अलगि अलगि कार्यन क जायजो लिहलीं। मुख्यमंत्री मां दुर्गा आ बड़का हनुमान जी क पूजा अर्चना कइलीं। येह जतरा से जुड़ल सोशल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के अगुआई में महाकुंभ के दिव्य भव्य, अद्वितीय आ अविस्मरणीय आयोजन बदे प्रदेस सरकार पुरहर उर्जा के साथे लगतारे कोसिस कई रहलि हौ।

मुख्यमंत्री अखिल भारतीय अखाड़ा परिषद के साधु सन्यासी लोगिन के साथे बइठकियो कइलें।

**********

मिशन शक्ति के पंचवां चरण के तहत शारदीय नवरातर के सतवीं आ अठवीं तिथि के प्रदेस सरकार सक्तिपीठन पर सक्ति महोत्सव कराई। येहमें देवीपाटन क मां पाटेश्वरी सक्तिपीठ, विंध्यांचल क मां विन्ध्यवासिनी सक्तिपीठ, अयोध्या क बड़ी देवकाली मंदिर, वाराणसी क दुर्गा मंदिर, गोरखपुर के गोरखनाथ क सक्तिपीठ, चित्रकूट क रामगिरि सक्तिपीठ आ जौनपुर क सीतला चौकियाधाम के लेके प्रदेस क सोलह सक्तिपीठ सामिल हईन। येह महोत्सव से जुड़ल आयोजनन में महिला सुरक्षा, सम्मान आ स्वालंबन के जोड़त महिला कलाकारन के वरीयता दिहल जाई। येहमें नौ देवियन से जुड़ल झांकीमय प्रस्तुति आ महिला ससक्तिकरण कै सनेसा वाले नुक्कड़ नाटकन के लेके अलगि अलगि तरह के आध्यात्मिक प्रस्तुति होईहैं।

**********

प्रदेस के बहराइच जिला में काल्हि राति छह भेड़ियन के झुंड में से आखिरी भेड़िया के तमाचपुर गांव में गांव क लोगि पीटि पीटि के मार दिहलें। वन विभागि क टीमि भेड़िया के लासि के कब्जे में ले के पोस्टमार्टम बदे भेजि दिहले हवे।

पछिला कुछु महिन्ना से छह भेड़ियन कै ई झुंड जिले के महसी तहसील के कई गांवन में उत्पात मचा के रखले रहे। येहसे पहलि, वन विभाग, तहसील के पच्चीस से तीस गांवन में हाले में भइल हमलन कै जिम्मैदार भेड़ियन कै झुंड के पकड़े बदे ऑपरेशन भेड़िया सुरु कइले रहे। विभागि दस सितम्बर के पंचवा भेड़िया के भी पकड़ी लिहले रहे।

**********

प्रदेस सरकार की ओरि से अगिला महिल्ला सज्जो जिलन में करियर मेलन क आयोजन कईल जाई। प्रदेस के माध्यमिक सिक्षा राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार गुलाब देवी काल्हि लखनऊ में बतउलिन कि ई मेला नौवजवानन बदे सुनहरा मौका होईहैं। इनसे अपने मन मोताबिक आ क्षमता के हिसाबि से करियर चुनले में मददी मिली। येहमें सैक्षणिक संस्थान, व्यावसायिक प्रसिक्षण केंद्र, निजी आ सरकारी क्षेत्र के प्रतिष्ठित नियोक्ता हिस्सा लिहें।

**********

राष्ट्रीय क्षय उन्मूलन कार्यक्रम के तहत कुसीनगर जिला के हाटा में न्यू इंडिया चीनी मिली एक्यावन टीबी रोगियन के गोदि ले के पोषण पोटली दिहले हवे। येह मौका पर जिला क्षय रोग अधिकारी डॉ एएसएन त्रिपाठी आ मिल क प्रबंधक करन सिंह मौजूद लोगिन के निक्षय मित्र बनि के टीबी मरीजन के गोदि लेवे बदे प्रेरित कइलैं।

**********

आजु विस्व सेलेब्रल पाल्सी दिवस मनावल जा रहल हौ। ई दिवस सेरेब्रल पाल्सी के बारे में जागरुकता बढ़वले आ येहसे पीड़ित प्रतिभा लोगिन खातिर सम्मान पैदा करे बदे मनावल जाला। सेलेब्रल पाल्सी मस्तिष्क में क्षति से पैदा होखे वाली समस्या है। ई क्षति जनम से पहले, प्रसव के दौरान चाहे जनम के करीब तीन बरिस ले हो सकेले। हालाकि येह बेमारी के साथे सामान्य जीवन जियल जा सकेला। सेरेब्रल पाल्सी से पीड़ित मेरठ जिला क दुई गो जुड़वा भाई आयुष अउरि पियूष समाज में मिसाल पेस कई रहल हवें। विश्व दिव्यांगता दिवस पर प्रदेस सरकार के ओरि से सम्मानित हो चुकल ई दुन्नो नौजवान युवक पर्यावरण आ स्वच्छता क्लब बना के पर्यावरण के क्षेत्र में उल्लेखनीय जोगदान देवे बदे जानल जालैं।

**********

सारदीय नवरातर के चउथा दिने आजु मां दुर्गा के कुष्मांडा रूप क पूजा अर्चना कइल जा रहलि हौ। मिर्जापुर जिला के विंन्ध्यांचल, कालीखोह आ अष्टभुजा देवी धाम से जुड़ल त्रिकोण पथ पर आजु दिन भर सरधालुअन क भारी भीड़ि रहे। भक्त येह सक्तिपीठन पर कतारबद्ध होके माता क दर्सन पूजन कईलैं।

**********